# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–13 नवम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु प्रदेस के तीनि गो रेलवे स्टेशनन के लेके देसभर के कइ गो रेलवे स्टेसन पर अटठारह गो प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि केन्द्र क सुभांरभ कइलें। उहां के बिहार के दरंभगा से वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के जरिया से बारह हजार करोड़ रूपिया से बेसी क अउरियो विकास परियोजनन के साथे येह केन्द्रन क उदघाटन कइलें। ई केन्द्र यात्रियन बदे रेलवे स्टेसन पर सस्ता दवाई उपलब्ध करइहें। येह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि सरकार देस में स्वास्थ्य ढांचा के मजबूत करे के खातिर समग्र दृष्टिकोण के साथे काम कइ रहल हवे। प्रदेस क जवन तीनि गो रेलवे स्टेसन पर जन औषधि केन्द्र क पीएम वर्चुअल उद्घाटन कइलें। ओहमें पूर्वोत्तर रेलवे के लखनऊ क बादसाहनगर, बरेली सिटी स्टेसन अउर उत्तर मध्य रेलवे क ललितपुर रेलवे स्टेसन क जन औषधि केन्द्र सामिल हवे।

**********

उत्तर प्रदेस पीसीएस प्रारंम्भिक परीक्षा दुइ हजार चौबीस अउर आरओ–एआरओ दुइ हजार तेइस क परीक्षा एक दिन अउर एक्के पाली में करवले के मांगि के लेके प्रतियोगी छात्रन क परदरसन लगतारे तीसरका दिन्ने आजुओ जारी रहल। येह दौरान पुलिस अउर छात्रन के बिच्चे झडपो भइल। ओहीं उत्तर प्रदेस लोकसेवा आयोग येह परीक्षा के दुइ दिन में करावे क अपने फइसला पर कायम हवे। उत्तर प्रदेस लोकसेवा आयोग कहले हवे कि। परीक्षा क सुचिता अउर अभ्यर्थियन क सुविधा ओकर प्राथमिकता हवे। राज्य में परीक्षा ˙ उच्चतम न्यायालय के दिसा निरदेसन आ अउरियों राज्यन के पैटर्न के हिसाब से आयोजित कइल जा रहल हवे।

**********

प्रदेस सरकार सहरन में कृषि भूमि पर बिना अनुमति कउनहू तरह के निरमाण पर रोक लगा दिहले हवे। प्रदेस के कइ गो सहर में खेतिहर जमीनि पर तेजी से बनि रहल आवासीय अउर व्यवसायिक, अपार्टमेंट के चलते अवैध निरमाण के सख्या में हो रहल बढ़ोतरी के देखत सरकार ई सख्ती कइले हवे। प्रमुख सचिव आवास पी गुरू प्रसाद ये बारे में सासनादेस जारी करत कहले हवे कि खेतिहर जमीन पर कउनहू तरह क निरमाण से पहिले विकास प्राधिकरण से अनुमति लिहल जरूरी होई। सासनादेस मे कहल गइल हवे कि येह बारे मे बरिस दुइ हजार बाइसों में सासन स्तर से एगो आदेस जारी कइल गइल रहे, बाकिर मंडलायुक्तन अउर जिलाधिकरियन की ओरि से एकर कड़ाई से पालन नाही कइल जा रहल हवे।

**********

भदोही में नौकरानी क आत्महत्या अउर बाल श्रम मामिला में सपा विधायक जाहिद बेग क फरार चल रहलि पत्नी सीमा बेग के संपत्ति के एमपीएमएलए कोर्ट कुर्क कइले क आदेस दिहले हवे। पछिला दिनन विधायक के आवास पर ओनकर नौकरानी फांसी लगा के आत्महत्या कई रहलि। पुलिस अउर श्रम विभाग क टीम विधायक के आवास से एगो अउरियो नाबालिग नौकरानी के छोड़वले रहल। येह मामिला में विधायक के परिवार पर प्रताड़ना से आत्महत्या अउर बालश्रम क मामिला दरज कइल गइल रहल। विधायक न्यायालय में आत्म समरपण कइले रहलें। जबकि ओनकरे लइका के पुलिस गिरफ्तार कइले रहल। ओंही विधायक क पत्नी सीमा बेग फरार चल रहलिं।

**********

प्रदेस में रेजिडेंट डाक्टरन के रूप में कार्यरत मेहरारून के अब प्रसूति अवकास के सथहीं मानदेयो मिली। प्रसूति अवकास से सेवा बांड अवधि बढ़ले पर ओन्हें बढ़ल महिन्ना क स्टाइपेंडों दिहल जाई। हाईकोर्ट क निर्देस पर चिकित्सा सिक्षा विभाग रेजीडेंट के रूप मे काम करे वाली मेहरारून के प्रसूति अवकास के लेके नया सासनादेस जारी कइले हवे। येकरे तहत अब रेजीडेंट महिला डाक्टरन क सेवा बांड के लेके विकल्प पेस करे के होई। चिकित्सा क्षेत्र में यूजी अउर पीजी करे वाले छात्रन बदे सरकार दुइ साल का जरूरी सरकारी सेवा बांड लागू कइ के रखले हवे। येह दौरान येह डाक्टरन के जूनियर अउर सीनियर रेजीडेंट के रूप में तैनात कइल जाला।

**********

हाथरस में मुख्यमंत्री सामुहिक बियाह योजना में आज तीन सौ चउवन जोड़न क बियाह अउर निकाह संपन्न भइल। ओहमें से तीन सौ छत्तीस जोड़ा हिन्दू रीति रिवाज के तहत सात फेरा लिहले त ओही अट्ठारह गो मुस्लिम जोड़ा निकाह पढ़लें। जिला प्रसासन की ओरि से कार्यक्रम का सुभारंभ हाथरस सदर क विधायक अंजुला सिंह माहौर कइलिनि।

**********

प्रदेस के कई गो जिलन मे बितल चौबीस घंटा के भित्तर भइल अलगि–अलगि सड़कि दुरघटना में छौ जने क मउति हो गइल अउर बारह जने घाही हो गइलें। प्रयागराज के मुंडेरा से नोएडा बदे एगो सादी समारोह मे जा रहलि बस काल्हि देरि रात फतेहपुर जिला के एसएसजी कॉलेज के सामने सड़क पर ठाड़ ट्रेलर से टकरा गइल। जेह से बस में सवार एगो मेहरारू के लेके तीनि जने क मउति हो गइल, जबकि दस जने घाही हो गइले, घाही लोगिन के पुलिस इलाज बदे अस्पताल मे भरती करवलसि जहवां तीनि का हालत गम्भीराहे देख ओन्हें कानपुर रेफर कइ दिहल गइल हौ। ओहर मिर्जापुर के थाना चुनार में भरेहटा गांव के लग्गे एगो अज्ञात वाहन एगो बाईक के टक्कर मार दिहलस जेह से ओह पर सवार तीनि जने क मउति हो गइल।

**********